

Lojman San Patipri pou Moun ki gen Twoub Sante Mantal, Andikap Entèlektyèl oswa Andikap nan Developman yo



**Vizite www.hud.gov/fairhousing
oswa rele Liy Dirèk Nasyonal pou
Diskriminasyon an nan 1-800-669-9777
oswa 1-800-877-8339 (Relè Federal)**



Lojman San Patipri pou Moun ki gen Twoub Sante Mantal, Andikap Entèlektyèl oswa Andikap nan Devlopman yo



Lwa sou lojman san patipri yo entèdi pou fè diskriminasyon nan zafè lojman kont moun ki gen andikap, ni tou moun ki gen twoub sante mantal, andikap entèlektyèl oswa andikap nan devlopman yo. Men egzanp sou diskriminasyon nan zafè lojman ki baze sou andikap:

- ◆ Refize lwe ou lojman paske ou gen yon andikap
- ◆ Refize bay aranjman ki rezonab oswa modifikasyon ki gendwa nesesè pou ou oswa pou yon moun w ap viv avèk li gen yon posiblite egalego pou itilize oswa pou jwi lojman nou an
- ◆ Refize bay enfòmasyon oswa montre lojman ki disponib pou ou oswa pou yon moun w ap viv ak li akòz yon andikap
- ◆ Mete kondisyon jeneral diferan pou lokasyon lojman ki disponib, pa egzanp fè peye yon pi gwo lwaye oswa depo sekirite, oswa egzije dokiman anplis akòz yon andikap
- ◆ Mete restriksyon pou anpeche ou viv nan sèten inite oswa seksyon lojman nan yon konplèks lojman akòz yon andikap
- ◆ Degèpi ou oswa yon moun w ap viv ak li akòz yon andikap
- ◆ Asele ou oswa asele yon moun w ap viv ak li akòz yon andikap

Vizite <https://www.hud.gov/fairhousing> pou aprann plis sou dwa ou genyen pou lojman san patipri.

Èske ou te viktim diskriminasyon nan zafè lojman? Pou pote plent, vizite <https://www.hud.gov/fairhousing/fileacomplaint> oswa rele Liy Dirèk HUD an nan 1-800-669-9777 (Anglè/Panyòl) oswa 1-800-877-8339 (Relè Federal).



Li ilegal pou yon founisè lojman pran mezi kont ou poutèt ou te depoze yon plent nan zafè lojman san patipri.

